


www.BibleForChildren.org



Johwani 14



“Rekai kutambudzika mumwoyo; tendai muna Mwari, mutendewo mandiri. Mumba maBaba vangu muno nzvimbo dzizinji, dai zvisinai kudaro, ndaikunyepai nai kuti ndinoenda kokunhadzirirai nzvimbo? Futi kana ndaenda kokunhadzirirai nzvimbo, ndinodzoka pakare kokutorai, kuti muvewo pandinenge ndiri.”



Inipano Johwani, hama yenyu muna Jesu mukovani
pabodzi naimipa pakutambudzika nomuumambo
nomukutsungirira, ndanga ndiri


pachitsuwa chinoitiwa
Patimosi nokuda



kwoshoko raMwari
uye noupfakazi
hwaJesu.



Nokamangu ndidova muMweya, ndokuona mupando
woushe udogadziwa kudenga, noumwe wanga
adogarikika pamupandopo!




Zvino ndidonzva zvisikwa zvipenyu zvese zviri kudenga
nozviri panyika nozviri pasi ponyika nozviri mugungwa,
nozvese zviri mukati mazvene,
zvichiti, “Kuna iye adogarikika
pamupando woushe
nokuHwayana, mbakuve
nokuropafadziwa, nokukudziwa
nokubhwinya,
nosimba,
nokusing-
aperepere!”



Ndidoona guta ritsvene, Jerusarema ritsva, richiburuka pasi kubva kudenga kuna Mwari, ridogadzirihwa kunge muroora adoshongedzehwa murume wache. Ipopo ndidonzva izvi rinoruzha ridobva pamupando woushe richiti, “Nangarai, ugaro hwaMwari huri pakati povanhu.

Achagara navo, ivo vachava vanhu vache, Mwari pachake achava navo, wova Mwari wavo.”



Zvino ngirozi idondinangidza hwizi hwomvura
youpenyu, iri ngwiro kunge matarara, yanga ichiyerera
ichibva pamupando woushe hwaMwari
nohwoHwayana, ichipinda nopakati ponzira yoguta.



Guta ranga risinai basa nozuva kana mwedzi kuti zvirivhenekere, nokuti kubhwinya kwaMwari ndochiedza charene, noHwayana ndomwenje warene.




Hapanai chinotsambwa chichapinda mukati marene,
kana anodzonga kana anomabhwodo. Asi vakarevo
chete chete vadonyorewa
mubhuku roupennyu
roHwayana.




“Achapisika misodzi yese
pamatama yavo, hapachinai
ipfa kana kurira kana mhere
kana kudzimbiwa nokuti
zvinhu zvokare zvapfuura.”



Hakuchinai chinhu chidoshurikidziwa. Asi mupando waMwari woushe nowoHwayana uchava mukati marene, varanda vache vachamunamata. Vachaona chiso chache, uye zita rache richava pahuma dzavo.



Zvino ndidoona vadopfa, vakuru novadiki, vadamira pamberi pomupando woushe. Mabhuku yadovhuriwa, norimwe bhuku ridovhuriwawo, rinova bhuku roupennyu. Vadopfa vadotongewa maererano nozvavadoita semanyorehwo yazvanga zvidoitiwa mumabhuku. Zvino zita romunhu kana risinai kuwaniwa ridonyohwa mubhuku roupennyu, adokhandiwa mudziva romoto.



Mweya noMuroora vanoti, “Uya.” Naiye anonzva mbaati, “Uya.” Noanonyota mbaauye, anoda mbaatore mvura youpenyu pasinai chaanobhadhara.



Nokuti Mwari adoditsa nyika
zvokutoipasa Mwanakomana wache
mubodziyo, kuti wese anotenda
kwaari areke kupfa, asi ave
noupenyu husingapere.



VaRoma 3:23

Nokuti vese vadotadza vadoperevera kusvika pakubhwinya
kwaMwari.

VaRoma 6:23

Ndava mubairo wochitema ipfa, asi chipo chaMwari,
upenyu husingapere muna Khirisitu Jesu Ishe wedu.

VaHebheru 9:27

Uye zvakudotariwa kuti vanhu vapfe kabodzi, mumasure
mozvakarezvo kutongewa kuchidzouya,



VaEfeso 2:8,9

Nokuti mudoponesewa nomutsa kuburikidza nokutenda, zvisingabve kwamuri, asi nzvochipo chaMwari peno, nzvomabasaba, kuti kureke kuva nomunhu anozvikudza.

VaRoma 10:9,10

Nokuti kana uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe pakare uchitenda mumwoyo mako kuti Mwari adomumutsa kubva kuvadopfa, uchaponesewa. Ndava unotenda nomwoyo ndokuti ururamisiwe, pakare unopupura nomuromo wako woponesewa.



Johwani 3:16,17

Nokuti Mwari adoditsa nyika zvokutoipasa Mwanakomana wache mubodziyo, kuti wese anotenda kwaari areke kupfa, asi ave noupenyu husingapere. Nokuti Mwari haanai kutuma Mwanakomana wache kuti apase murandu nyika, asi kutoti nyika iponesewe kuburikidza naye.

Johwani 5:11-13

Futi uhu ndihwo upfakazi hwokuti, Mwari adotipasa upenyu husingapere. Upenyu hwakarehu huri muMwanakomana wache. Wese ano Mwanakomana anoupenyu, asi wese asinai Mwanakomana waMwari haanai upenyu. Ndiri kunyora zvakarezvi kwamuri vanotenda muzita roMwanakomana waMwari kuti muzive kuti munoupenyu husingapere.



Johwani 14; 2 VaKorinde 5;
Zvidoazaruhwa 4, 21, 22

Storyline by: Edward D. Hughes

Illustrated by: Lazarus
and Alastair Paterson

Adapted by: Sarah S.

Shona KoreKore NT (sna) The Word for The World
International

<https://live.bible.is/bible/SNASUV/MAT/1>

©2026 Bible for Children, Inc.

www.M1914.org

www.bibleforchildren.org

